

#### **SS.7.C.2.12**

*Devlope yon plan pou rezoud pwoblèm yon eta oswa gouvènman lokal la nan fè rechèch sou lòt règleman publik, idantife ajans gouvènman ki apwopriye nan abòde pwoblèm lan, ak pou detèmine sak pou fèt.*

**Sant pou Edikasyon Sivik (Center for Civic Education) te adopte materyèl nan resous ke yo te devlope.**

**SS.7.C.2.12 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3:** Elèv yo ap analize lòt règleman publik pou rezoud pwoblèm leta ak lokal yo.

**Lejislatè yo** souvan gade nan plizyè solisyon ki posib (altènatif) anvan yo chwazi sa kap rezoud pwoblèm lokal oswa eta a. Kèk lejislatè ta ka menm kontakte lòt gouvènman lokal oswa eta yo ki gen menm règleman publik pou yo ka deside ki solisyon ki pi bon.

Men yon egzant sou kouman sa a ka sanble:

Itilizasyon tabak ap ogmante nan lekòl presegondè lokal yo. Komisyon konsèy lekòl la vle kreye yon règleman kap debarase itilizasyon tabak nan lekòl yo. **Siveyan jeneral la, komisyon konsèy lekòl la**, direktè yo, pwofesè yo, paran yo, ak elèv yo tout sitwayen ki konsène ki gen yon enterè pou rezoud pwoblèm sa a. Siveyan jeneral la aji kòm "gouvènman an" pou lekòl yo ki nan distri a, deside fè yon reyinyon epi envite sitwayen ki enterese pou yo sijere solisyon yo. Plizyè solisyon te prezante:

1. Kreye yon règleman "zewo-tolerans" nan kòd konduit elèv yo
2. Edike elèv yo sou efè nan lè yap itilize tabak
3. Anboche gad sekirite pou fè patwouy lakou lekòl la ak twalèt yo, kote yo jwenn moun kap fimen yo
4. Tèste elèv yo pou dwòg, alkòl, ak itilizasyon tabak

Tout solisyon ke yo te prezante yo ka egzekite. Siveyan jeneral la ap oblige deside ki solisyon ki pi bon pou rezoud pwoblèm lan.

**Komisyon konsèy lekòl la** – yon gwoup moun ke yo eli pou jere lekòl lokal publik yo

**Lejislatè** - manm nan yon lejislati ki pase lwa (egzant, Repräsentan nan peyi Etazini, Senatè nan peyi Etazini, reprezantan eta, senatè eta, manm konsèy vil la)

**Siveyan jeneral la** - lidè nan yon distri lekòl

**Sous:**

*How Can Jackson Middle Meet Its Responsibilities to Deal with the Problem of Substance Abuse?. New.Civiced.org. The Center for Civic Education, 2014. Web. 11 March 2014.  
<http://new.civiced.org/resources/curriculum/lesson-plans/1785>*